**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–04.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग बिहार मे चलि रहल विशेष गहन मतदाता पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ सभ मतदाताक गणना प्रपत्र अपन वेबसाइट पर अपलोड कऽ देलक अछि। मतदाता वोटर्स डॉट ईसीआई डॉड जीओवी डॉट इन सँ गणना प्रपत्र डाउनलोड कऽ सकैत छथि। एहि फार्म मे मतदाताक नाम, ईपिक नंबर, क्रमांक संख्या, भाग संख्या, विधानसभा आ लोकसभा क्षेत्रक नाम तथा राज्यक नाम पहिने सँ भरल होयत। वर्ष दू हजार तीनक मतदाता सूची मे जाहि मतदाताक नाम सम्मिलित छनि हुनका बिना कोनो दस्तावेजक हस्ताक्षर कऽ अपन फार्म अपलोड करबाक होयत। दू हजार तीनक बाद जाहि मतदाताक नाम मतदाता सूची मे सम्मिलित कयल गेल अछि, हुनका निर्वाचन आयोग द्वारा निर्धारित एगारह प्रमाण पत्र मे सँ कोनो एक प्रमाण पत्र गणना प्रपत्रक संग अपलोड करबाक होयत। एहि लेल अंतिम तिथि छब्बीस जुलाई निर्धारित अछि।

---

प्रदेश मे चलि रहल विशेष गहन मतदाता पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ राजनीतिक दलक मध्य बयानबाजी बढि गेल अछि। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता पवन खेड़ा कहलनि अछि जे एहि अभियान लेल मात्र पच्चीस दिनक समय निर्धारित कयल गेल अछि। एहि सँ चुनाव आयोगक इरादा पर प्रश्नचिन्ह लगैत अछि। ओतहि, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम कहलनि जे पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत मतदाता लोकनि के ई प्रमाणित करय पड़ि रहल अछि जे ओ भारतक नागरिक छथि। ई प्रक्रिया मौलिक अधिकारक हनन अछि। दोसर दिस जदयू प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि अछि जे पुनरीक्षण अभियान एक संवैधानिक प्रक्रिया अछि। ओ कहलनि जे पार्टी मात्र ई चाहैत अछि जे अभियानक अंतर्गत एकहुं पात्र मतदाता छुटथि नहि।

---

सुप्रीम कोर्ट कॉलेजियम पटना हाई कोर्ट मे अधिवक्ता कोटा सँ न्यायाधीश लेल अजीत कुमार आ प्रवीण कुमारक नामक अनुशंसा केन्द्र सरकार सँ कयलक अछि। प्रधान न्यायाधीश वी.आर. गवई के अध्यक्षतावला कॉलेजियम एहि नामक सिफाारिश कयलक अछि।

———————————————————————————

कैथी लिपिक अभिलेख सभ के संग्रहित करबाक लेल भूमि सूधार आ राजस्व विभाग तथा सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालयक डिजिटल इंडिया भाषिणी डिवीजनक मध्य समझौता भेल अछि। एकर अंतर्गत आर्टिफिशियल इंटेलिजेंसक माध्यम सँ कैथी लिपिक पुरान अभिलेखक देखनागरी लिपि मे अनुवाद कयल जायत। एहि अवसर पर मुख्य सचिव अमृतलाल मीणा कहलनि जे सरकारक एहि पहल सँ विभागीय काजक निष्पादन मे मददि भेटत।

———————————————————————————

आकांक्षी प्रखंड कार्यक्रमक अंतर्गत बांका जिलाक चांदन आ भागलपुर जिलाक सबौर प्रखंड देशभरि मे सर्वोच्च स्थान प्राप्त कयलक अछि। योजना आ विकास विभागक प्रधान सचिव के. सेंथिल कुमार जनौलनि जे एहि उपलब्धि लेल चांदन प्रखंड के डेढ़ करोड़ आ सबौर प्रखंड के एक करोड़ टाकाक पुरस्कार देल जायत।

———————————————————————————

प्रदेशक राज्यपाल सह कुलाधिपति आरिफ मोहम्मद खां आइ मुजफ्फरपुर मे लंगट सिंह महाविद्यालयक एक सय छब्बीसम स्थापना दिवस समारोहक उद्घाटन कयलनि। समारोह मे उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ केन्द्रीय मंत्री राजभूषण चौधरी निषाद सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग एकहत्तरिम संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षाक तिथि मे बदलाव कयलक अछि। आब ई परीक्षा तेरह सितम्बर के आयोजित होयत। पहिने एहि परीक्षाक आयोजन दस सितम्बर के हेबाक छल। ओतहि आयोग सहायक प्रशाखा पदाधिकारीक परीक्षाक तिथि मे सेहो बदलाव कयलक अछि। आब ई परीक्षा अपन निर्धारित तिथि तेरह सितम्बरक बदला दस सितम्बर के होयत।

———————————————————————————

मिथिलाक बेटी डॉक्टर अर्चना के चिकित्साक क्षेत्र मे महत्त्वपूर्ण योगदान लेल वर्ल्ड फेडरेशन ऑफ सोसाइटीज ऑफ बॉयोलॉजिकल सैकियाट्री सँ युवा अनुसंधान पुरस्कार लेल चयन भेल अछि। अगामी नओ सितम्बर के जर्मनीक बर्लिन मे होबयवला जैविक मनोचिकित्साक विश्व सम्मेलन मे हुनका ई पुरस्कार प्रदान कयल जायत।

———————————————————————————

ग्रामीण क्षेत्र मे स्वच्छताक आकलन लेल शहर जकां स्वच्छता सर्वेक्षण होयत। एकर अंतर्गत गाम सभ मे शौचालयक सुलभता, गामक साफ—सफाई आ अपशिष्ट प्रबंधन एहन बिंदुक जाँच कऽ अंक देल जायत आ इएह आधार पर रैंकिंग भेटत।

———————————————————————————

बिहार सरकार तांती याने ततवा जाति के अनुसूचित जातिक दर्जा देबाक लेल उच्चतम न्यायालय मे पुनर्विचार याचिका दायर कयलक अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मानसूनक प्रभाव सँ बरखा हेबाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे काल्हियो प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे तेज हवाक संग आंशिक अथवा मध्यम स्तरक बरखा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।